


Kisa ki COVID ki dire a?



World
PT Day
2021

Avan sa yo te defini COVID ki dire a tankou egzistans siy ak sintom ki devlope pandan oswa aprè yon enfeksyon COVID-19 ki kontinye pou 12 semèn oubyen plis toujou. Tipikman yo refere a li tankou on COVID-19 egi jouk 4 semèn oubyen COVID-19 kontinyèl ant 4 a 12 semèn.



Ki kantite moun ki soufri COVID ki dire a?

Sou chak 10 ka gen youn (1) ki ap genyen sentom yo sou on peryòd 12 semèn ou plis.



Anpil moun k'ap viv ak maladi a te anfòm e an sante avan sa.



Timoun yo gen menm sentom ak granmoun epi apeare avèk menm frekans yo.

COVID ki dire a afekte moun ki te entènè lopital ak COVID-19 ak moun ki te genyen men ki te rete lakay yo. Moun ki te genyen COVID-19 pa twò grav avèk grav yo ka vinn genyen sentom pwolonje oswa devlope COVID ki dire a.

COVID ki dire a se yon maladi milti-sistèm sa vle di li afekte plizyè sistèm nan kò a; Gen yon lis ki gen plis pase 200 sentom ki ka rive nan divès konbinezon epi plizyè patèn ki previzib oubyen enprevizib.

Sentom ou jwenn pi souvan aprè 6 mwa



Fatig

Sentom ki vinn pi mal aprè efò



Pwoblèm memwa a konsantrasyon

Lòt sentom kouran:



Souf kout



Lestomak fè mal



Difikilte pou'w dòmi



Palpitasyon



Tèt vire



Doulè miskilè



Doulè nan jwenti



Depresyon ak anksyete



Zòrèy k'ap boudonnen, zòrèy fè mal



Sansasyon ke'w malad, dyare, vant fè mal, pa gen apeti



Tanperati kò'w monte, tous, tèt fè mal, gòj fè mal, chanjman nan jan ou konn pran sant ak jan ou pran gou.



Gratèl

Yo poko fè on konsansis pou rive jwenn yon definisyon mondyal ki dakò ak ka COVID ki dire a. Sepandan gen anpil prèv ki montre ke COVID ki dire a komen e bay feblès. Yo fè tantativ pou mete COVID ki dire a nan maladi ki afekte milti-sistèm e ki bay andikap enpòtan.



World
Physiotherapy

www.world.physio/wptday